**Авар мац1 11 класс**

## Тема:Деепричастие.

**1.Гьаб правило ц1але ва рак1алде ч1езабе:**

Глаголалъулги наречиялъулги г1аламатал жиндилъ ругеб глаголалъул формаялда **деепричастие абула:**

Мисал:*Рук1ниб **бук1ун гъулгъудун**,гъалбац1алъ чан ч1валаро.***(Ц1.Х1)**

Деепричастие,наречиего г1адин,**кин?кинаб куцалда?**абурал суалазе жаваблъун бач1уна.

***2.Х1алт1и***

***Ц1але.Коч1ол куплетазда гьоркьоса деепричастиял рат1а росун хъвай:***

Бакъвач1аг1дал г1ерет1ги,ц1ун,
Г1анк1ил к1одо т1аде щола.
Г1унт1ун т1илгун,хадувго цун,
Царал к1удада ваккула.

Гьал к1иязго,т1илги кьабун,
Кьурдиялде байбихьула.
Кьерал гьарун,гьалмагъзабаз
Гьезда т1аде г1арац хьала.

Гьоркьор реч1ч1ун,катил т1анч1аз
Г1одогьунарал гьарула,
Г1анграл рач1ун,к1анц1олаго,
Квач1ида рехун рахъуна.(Ц1.Х1)

**3.Предложениялда жаниб деепричастие бук1уна:**
**а)Х1аллъун;**
**б) Сказуемоелъун.**

БАЯН:**Х1аллъун ккараб деепричастие жаваблъун бач1уна** кин? кинаб куцалда?

**Сказуемоелъун ккарабдеепричастиялъе лъола** щиб гьабун бугеб? щиб гьабулаго? **абурал суалал.**

***4.Кеч1 ц1але.Гьанир ругел деепричастиязе суал лъе.Предложениялъул кинаб членлъун гьезул щибаб ккун бугебали щибаб мухъалда хьолбохъ хъвай.***

Бакъ щун,щоб ккун, (……………………………)
Щобил дег1ен рохьоб ун,
Рахьдал гиби гебегун,
Горбогьодал расандун,
Росонир хинк1ал кьурдун,
Кьурда г1ачи г1ерг1едун,
Г1одор бачал мимидун,
Марк1ач1уде къо рук1к1ун,
Къавулъе лъимал руссун.

**Деепричастияб сверел.**
**Деепричастиялъул бук1уна жинда бараб ва жиндасан суал лъолеб цо яги чанго раг1и.**
**Предложениялда жаниб жинда рухьарал раг1абигун цадахъ деепричастие цо суалалъе жаваблъун бач1уна.Гьединлъидал гьелда абула деепричастияб сверелилан.**

М и с а л:Цоцахъ ралагьун гьимун,гьудулзабиги ана.

***1.Текст хъвай гъалат1ги биччач1ого.Кколелъур запятаялги лъе,гьоркьор риччарал жинсиял х1арпалги т1аде журан*.**

Цоцахъ ралагьун гьимун гьаругьин кверал росун

К1иявго накъиталда къоялъ г1одор ч1олаан.

Цо къоялъ гьа.. хараби харбие жоги т1аг1ун

Ганч1азда г1одор рук1ун г1енеккун ч1ун ру1ана.

Гьени.. цожо рак1алде бач1ара.. хера.. Магьди

Магжида кверги бахъун Асх1абида к1алъана:

-Надалда кан бич1уле.. каранда ц1ул хъвалхьуне..

Къуват чорхол бергьара.. чи вук1ара.., гьудул, дун.

Ярагъ борчун чу рек1ун рек1ел мурад т1убазе

Т1убара.. нигаталда дун рокъоса вахъана.

## Деепричастиялъул лексикиялги,морфологиялги,синтаксисиялги г1аламатал .

### 1.Деепричастиялъул заманаби:

а)араб заман;
б)г1ахьалаб заман;

### *2.Составиял деепричастиял:*

Г1алица ,векерун ун,цо кьарияб куй ккуна*.*

### *3.Журарал деепричастиял:*

*Дида хъван-хъвач1ого ана машина.*

***Ц1але.Деепричастиял рате ва,рат1а росун,к1иго х1уби гьабун хъвай: цоялде росе араб заманалъул деепричастиял,цогидалде—г1ахьалаб заманалъул деепричастиял.***

ХIамил рачIги ккун, сухъмахъал мерхьунаго, ана дир лъимерлъи. ГIансал къан, гIазуца нух бахъизе кIолорого букIунаан. Къад ганчIазда хъещтIологo квачарал хIатIалги тIингъилъе рачун, дарсал цIалулаго, кьижун кколаан.

Гьанже дилъ дагьаб жахIдацин бижана гьел эбел-инсуца алжанги кьун, абунщинабги босун, тIалаб-агъазалъ сверунги ккун, сундулго ургъел чIвачIого, ракъи-къечей бихьичIого гIолел гогьал гIолел гогьал гIолилаздехун. (М.М)